



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY POU ASIRE NOUYÒKÈ YO OKOURAN DE OPSYON YO ETANN POU VOTE NAN ELEKSYON NOVANM YO

Li pibliye Dekrè Egzekitif ki egzije tout Konsèy Elektoral yo devlope yon plan pou pèmèt elektè ki enskri yo depoze yon bilten pa korespondans ki ranpli nan yon Konsèy Elektoral, yon espas pou vòt bonè yo, oswa yon espas pou vòt nan jou eleksyon an san egzije ke yo tann nan liy avèk elektè an pèsòn yo

Tout Konsèy Elektoral yo dwe devlope ak soumèt yon plan bay Konsèy Elektoral Eta a opita 21 septanm epi yo dwe rann li disponib piblikman

Elektè yo kapab aprann plis sou vòt pa korespondans ak vòt bonè yo nan New York lè yo vizite ny.gov/earlyvote

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon konpay sansibilizasyon piblik pou asire Nouyòkè yo konnen tout fason yo kapab vote nan eleksyon novanm la, gen ladan vòt vonè yo, vòt pa korespondans, oswa vòt an pèsòn nan Jou Eleksyon an. Gouvènè a te pibliye yon dekrè egzekitif ki egzije konsèy elektoral yo devlope yon plan pou pèmèt yon elektè ki enskri depoze yon bilten vòt pa korespondans ki ranpli nan yon konsèy elektoral, yon espas pou vòt bonè, oswa yon espas pou vòt nan jou eleksyon an, san egzije ke yo tann nan yon liy avèk elektè an pèsòn yo, pou ede redwi reta yo pandan vòt an pèsòn lan epi pwomouvwa vòt san kontak.

Yo dwe soumèt plan yo bay Konsèy Elektoral (Board of Elections, BOE) Eta opita 21 septanm 2020, epi yo dwe rann yo piblik nan biwo konsèy elektoral konste a ak nan sitwèb yo a lè yo soumèt yo.

"Akòz COVID la, ane sa a Nouyòkè yo genyen plizyè opsyon nan sa ki gen rapò ak depoze bilten vòt yo a. Ou kapab vote bonè, vote pa korespondans, oswa vote an pèsòn nan jou eleksyon an, epi mwen ap pibliye yon dekrè egzekitif pou asire konsèy elektoral yo genyen plan an vigè pou yo resevwa an tout sekirite volim bilten vòt pa korespondans anplis ke yo prevwa atravè retou an pèsòn yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Di ke eleksyon sa a pi enpòtan nan istwa resan an se konprann enpòtans li. Nou vle asire nou ke yo konte chak vòt nan New York epi ke yo tande tout vwa yo."

Yo kapab depoze bilten vòt pa korespondans yo nan biwo konsèy elektoral konte yo yon fwa elektè yo resevwa bilten vòt yo a; nenpòt espas pou vòt bonè ant 24 oktòb ak

premye novanm; ak nan espas vòt yo nan Jou Eleksyon an. Lè nou depoze yon bilten vòt pa korespondans nan yon biwo konsèy elektoral konte a, sit pou vòt bonè yo oswa espas vòt yo, Nouyòkè kapab evite reta Lapòs yo ak nesesite pou yon tenm.

Anpil Nouyòkè yo kapab mande yon bilten pa korespondans pou premye fwa anba yon nouvo lwa Gouvènè a te siyen pou etann elijibilite pou tout elektè yo ki genyen preyokipasyon konsènan COVID-19 la. Yo ta dwe verifye bwat "maladi tanpòrè (temporary illness)" nan aplikasyon pou bilten pa korespondans yo a. Pou aprann plis sou vòt pa korespondans ak vòt bonè yo nan New York, vizite ny.gov/earlyvote.

Lè nou konsidere yon ogmantasyon san presedan ke yo prevwa nan itilizasyon bilten vòt pa korespondans ak preyokipasyon sou fyabilite Sèvis Postal Etazini (United States Postal Services) an, dekrè egzekitif jodi a asire yon liy rapid, ki dedye pou retou bilten vòt pa korespondans an pèsòn yo, oswa yon bwat pou depoze san kontak nan chak konte.

Anons jodi a vini touswit apre plizyè etap nan refòm elektoral global la ke Gouvènè a te pran davans nan 3yèm eleksyon novanm yo.

Nan dat 20 out la, Gouvènè Cuomo te siyen pou vini yon lwa yon pake refòm elektoral ki gen twa pati pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vote epi ke yo konte vòt yo an novanm lan, gen ladan: pèmèt yo soumèt aplikasyon bilten vòt pa korespondans yo bay yon konsèy elektoral imedyatman; etann pwoteksyon ki nesesè ki pèmèt yon elektè jwenn yon bilten vòt pa korespondans akòz risk oswa lapèrèz pou maladi ki gen ladan COVID-19 ak; asire yo pral konte tout bilten vòt pa korespondans ki gen so lapòs nan jou oswa avan jou eleksyon an oswa ke yon konsèy elektoral resevwa san so lapòs nan jou ki vini apre eleksyon an. Yo pral konte bilten vòt ki gen yon so lapòs ki montre ke yo te poste nan jou oswa avan Jou Eleksyon an si yo resevwa disi 10 novanm.

Nan dat 24 out la, Gouvènè Cuomo te pibliye yon Dekrè Egzekitif pou ankouraje pi plis ak sipòte dwa Nouyòkè yo pou yo vote nan egzije konsèy elektoral konte a pran mezi sa yo:

1. Voye yon imèl ki dekri tout dat limit pou elektè yo disi madi 8 septanm.
2. Voye plan ak bezwen pèsònèl yo bay Konsèy Elektoral Eta New York la avan 20 septanm pou BOE a ka ede nan asire yon bon jan kouvèti.
3. Adopte yon anvlòp inifòm klarifye pou bilten vòt pa korespondans yo epi egzije pou konte yo sèvi ak li.
4. Konte vòt yo pi rapid: egzije pou konsèy konte a fè tout objeksyon yo an tan reyèl, asire ke konsèy yo prè pou yo konte vòt yo ak rekonsilye deklarasyon ak bilten vòt pa korespondans yo opita 48 èdtan apre eleksyon yo.
5. Bay yon opsyon pou Nouyòkè yo vote pa korespondans nan eleksyon vilaj, ti vil ak eleksyon distri espesyal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)